

**Modèl Orè pou Pataje Tan Parantal la
(Sijere pou Andeyò Leta Florid la)**

Objektif ak Responsablite de Baz yo

Orè sa sipoze ke paran yo prepare pou pataje responsabilite difisil pou leve timoun yo nan kay separe epi tou yo gen matirite ase pou fè sa. Pataje responsabilite parental vle di ke chak paran gen tout dwa ak devwa yo lè sa regade timoun lan (yo). Paran yo dwe konsilte yon ak lòt konsa lè yap pran gwo desizyon kap afekte timoun lan (yo), yo ka fè-l ansanm. Bagay yo ki gen rapò ak lekòl, disiplin, levasyon relijyez, e sante se egzanp kote ki mande pou paran yo konsilte. Chak paran yo gen dwa a dosye medikal, dantal, e eskolè timoun lan. La Lwa La Florid § 61.13 (2) (b) (3) mande espesyalman ke “ aksè a dosye e enfòmasyon ki regade yon timoun minè, genyen ladan-l, men pa limite a dosye medikal yo pa ta dwe denye a yon paran paske paran an se pa premye paran kote timoun lan rete a.”

Orè sa deziye pou ede akonpli twa objektif: 1) pou asire ke timoun lan (yo) ke paran yo pa viv ansanm yo gen yon opòtinite pou devlope yon relasyon ak chak paran ki va emab e siyifikatif, 2) Pou pèmèt chak paran pase ase bon jan tan ak timoun yo ki konsistan ak bezwen pou timoun lan devlope, e 3) Pou gide paran yo an rapò a ki sa yo espere de yo regadan obligasyon yo anvè lòt paran an.

Si pou Orè Pataje Tan ant Paran yo gen siksè, rapò ant paran yo ta dwe kòm rapò biznis. TIMOUN LAN (YO) PA TA DWE EKSPoze A OSTILITE, KONFLI, PLENYEN YO, OU DISKISYON ANT PARAN LI YO. ANPLIS DE SA, YO PA DWE UTILIZE TIMOUN LAN KÒM SÈVIS MESAJÈ KOTE PARAN YO KA KOMINIKE YON AK LÒT. Konsa, paran yo dwe janti, poze, e respekte yon lòt. Objektif paran yo se pou bay timoun lan (yo) yon plas ki asire, ansekirite, ki gen afeksyon kote devlopman li (yo) kòm moun se priyorite moun sa yo ki mennen-l nan mond sa.

Pataj tan “rezonab” ak nenpòt timoun yo pou moun ki annafè yo dwe pran plas a tèl tèl tan e tèl tèl plas jan tou de moun yo tonbe dakò. Si pati an kesyon yo pa kapab jwen yon akò sou detay pataje tan an, orè pou pataje tan ki defini anba a dwe aplike.

1. Paran nan Premye Residans lan:

Jou la semèn yo: Chak Lendi apati kòmansman lekòl la jiska Vandredi la fen lekòl la. Lè pa gen lekòl, chak Lendi de 8:00 a.m. a Vandredi 6:00 p.m. Pataje tan jou la semèn pa aplikab diran tan vakans dete ke Paran Dezièm Rezidans lan ap pataje ak timoun lan (yo).

Wikend yo: Chak wikend apati de lè lekòl la fini lè Vandredi aprèmidi jiska Lendi maten lè lekòl la kòmansman eksepte premye wikend anplèn chak mwa. Lè pa gen lekòl, chak wikend eksepte premye wikend anplèn mwa yo apati de Vandredi aprèmidi a 6:00 p.m. jiska Lendi maten 8:00 a.m. Pataje tan lè wikend pa aplikab diran tan an ete ke Paran Dezièm Rezidans lan gen ak timoun lan (yo).

Vakans dete: Ane chif Pè yo: Apati de 6:00 p.m. yuitième Dimanch ki swiv lè lekòl la fèmen jiska lè lekòl la reouvè. Ane Chif Enpè yo: Apati de lè lekòl la fèmen jiska 6:00 p.m. twazièm Dimanch ki swiv fèmti lekòl la e apati de 8:00 p.m. Dimanch avan lekòl la reouvè e atravè reouvèti lekòl la.

2. Paran nan Dezièm Rezidans lan:

Wikend yo: Premye wikend anplèn nan chak mwa apati de lafen lekòl la jou Vandredi aprèmidi a jiska 8:00 p.m. Dimanch swa. Lè pa gen lekòl, premye wikend nan mwa a apati de Vandredi aprèmidi a 6:00 p.m. jiska Lendi maten 10:00 a.m. Si gen yon wikend ki long diran nenpòt mwa paske te gen yon jou fèt ki pa espesifye (pa egzanp: jou planifikasyon pwofesè) Paran Dezièm Rezidans lan ka pataje tan ak timoun lan (yo) pandan wikend long sa olye premye wikend nan mwa a si Paran Dezièm Rezidans lan notifiye Paran Premye Rezidans omwen 60 jou davans. Pataje tan lè wikend pa aplikab diran tan an ete ke Paran Premye Rezidans gen ak timoun lan (yo).

Vakans Dete: Ane Chif Pè yo: apati de 6:00 p.m. dènye jou lekòl la jiska 6:00 p.m. yuitième Dimanch ki swiv fèmti ane lekòl la. Ane Chif Enpè yo: apati de 6:00 p.m. twazièm Vandredi ki swiv fèmti lekòl la jiska 8:00 p.m. Dimanch avan lekòl la reouvè.

3. Jou fèt yo:

Tan lè jou fèt avèk timoun lan (yo) gen priyorite sou jou la semèn nòmàl, wikend epi tan an ete avèk timoun lan (yo). Wotasyon wikend nòmàl la ap reprann imediatman ala swit de nenpòt entèripsyon jou fèt. Konsa pa egzanp, si Paran Premye Rezidans lan gen yon wikend avèk timoun lan (yo) epi wikend ki swiv la, kita dwe nòmàlman wikend Paran Dezièm Rezidans la avèk timoun lan (yo) ta yon jou fèt [jou fèt Paran Dezièm Rezidans avèk timoun lan (yo)], konsa wikend ki swiv jou fèt la, Paran Dezièm Rezidans la ap gen tan wikend nòmàl avèk timoun lan (yo).

A. Vakans Annivè:

Paran Dezièm Rezidans lan – Ane Chif Pè yo: De 6:00 p.m. jou Vandredi ki kòmanse vakans lekòl la jiska 8:00 a.m. 26 Desanm. Ane chif Enpè yo: Apati de 8:00 a.m. 26 Desanm jiska lè lekòl la reouvè.

Paran Premye Rezidans lan – Ane Chif Enpè yo: apati de 6:00 p.m. jou Vandredi Vakans lekòl la kòmanse jiska 8:00 a.m. 26 Desanm. Ane Chif Pè yo: apati de 8:00 a.m. 26 Desanm jiskaske lekòl la reouvè.

B. Vakans Oprentan:

Paran Dezièm Rezidans lan – Tout vakans Prentan chak ane apati de lè lekòl la fèmen jiska lè lekòl la reouvè.

C. Jou Aksyon de Gras:

Paran Dezièm Rezidans lan - Ane chif Enpè yo: Tout vakans lan an apati de lè lekòl la fèmen jiska lè lekòl la reouvè.

Paran Premye Rezidans lan - Ane chif Pè yo: Tout vakans lan an apati de lè lekòl la fèmen jiska lè lekòl la reouvè.

D. Fèt Manman / Fèt Papa:

Pou pase ak paran ankesyon ke jou fèt la ap onore a apati de 8:00 a.m. lè Dimanch jiska 8:00 a.m. Lendi maten ki swiv la. Pataj tan sa gen priyorite sou kontak ki te deja aranje nan orè a.

E. Anivèsè Nesans Timoun yo:

Anivèsè Nesans yo dwe selebre ak Paran ki gen dwa kontak pou jou sa.

F. Wikend Fèt Travay:

Paran Dezièm Rezidans lan – Ane chif Pè yo.

Paran Premye Rezidans lan – Ane chif Enpè yo.

G. Wikend Jou Fèt Memoryal la:

Paran Dezièm Rezidans lan – Ane chif Enpè yo.

Paran Premye Rezidans lan – Ane chif Pè yo.

H. Fèt 4 Jiyè:

Paran Dezièm Rezidans lan - Ane Chif Pè yo de 10 a.m. jou 4 Jiyè a jiska 10 a.m. jou 5 Jiyè a.

Paran Premye Rezidans lan – Ane Chif Enpè yo de 10 a.m. jou 4 Jiyè a jiska 10 a.m. jou 5 Jiyè a.

I. Fèt Halloween:

Paran Dezièm Rezidans lan – Ane Chif Pè yo de 3:30 p.m. jou Halloween lan

jiska 8:00 a.m. demen maten. Si jou aprè Halloween lan se yon jou lekòl Paran Dezièm Rezidans lan dwe retoune timoun lan (yo) lekòl demen maten. Paran Premye Rezidans lan – Ane Chif Enpè yo de 3:30 p.m. jou Halloween lan jiska 8:00 a.m. demen maten. Si jou aprè Halloween lan se yon jou lekòl Paran Premye Rezidans lan dwe retoune timoun lan (yo) lekòl demen maten.

J. Jou Fèt ki pa Espesifye yo:

Si paran yo rekonèt ansanm yon jou fèt ki pa mansyone espesyalman chak paran dwe kopere ak lòt paran an nan jan pou kontakte ki jan pou chanje ane yo ak lòt paran an pou tout dire fèt la epi tou fè aranjman ki jan sa ap kòmanse ou fini pou jan de kontak sa yo.

4. Echanj nan Pataje Tan yo:

Aranjman yo pou tout echanj nan pataje tan yo dwe detèmine pa tou le de pati yo oubyen pa lòd tribinal la.

5. Kominikasyon Telefonik:

Chak pati dwe pèmèt kominikasyon telefonik ouvè ant timoun lan (yo) ak lòt paran chak jou konsa.

6. Vwayaj an deyò Vil la:

Si nenpòt nan paran yo planifye pou vwayaje andeyò vil la ak timoun lan (yo) pou plis ke yon (1) jou; paran sa dwe bay lòt paran yon plan vwayaj ki gen ladan – l dat depa e dat retou yo e adrès ak nimewo telefòn yo kote timoun lan (yo) ap rete a.

7. Ka ijans yo:

Chak paran dwe fè lòt la konnen imediatman (pa pi ta ke 3 zèd tan) de nenpòt ki kalite ijans ki anrapò ak nenpòt ki kalite timoun tou de pati yo.

8. Echanj Enfòmasyon:

Oken nan paran yo pa dwe kache kote nenpòt timoun tou de pati yo ye, epi chak paran ak kenben lòt la okouran toutan de adrès rezidansyèl yo ak nimewo telefòn kote timoun lan (yo) ap rete pandan ke nenpòt nan paran yo ap pran yo. Anplis, chak paran dwe fè lòt la konnen de non, adrès, ak nimewo telefòn de tout moun kap bay sèvis daycare yo ak sèvis sante yo.

9. Dat Efektif:

Orè pou pataje tan sa ap vin efektif dezièm Jedi ki vin aprè lòd sa pase a ki genyen tou orè a atache ladan – l.

10. Anilasyon yo:

Paran Dezièm Rezidans lan ka anile peryòd pou pataje tan yo ki 72 zèd tan ou mwens an longè lè li bay Paran Premye Rezidans notis pa mwens ke 14 jou avan peryòd pou pataje tan ke Paran Dezièm Rezidans lan ta renmen anile. Anilasyon de peryòd pou pataje tan ki pi long ke 72 zèd tan ka rive sèlman ak konsantman tou de paran. Demand pou anile peryòd yon pataj tan espesifik ki pi long ke 72 zèd tan dwe bay a lòt paran omwens 3 jou davans pou peryòd pataje tan ke wap mande a. Si tou de paran yo pa dakò sou anilasyon yon peryòd pou pataje tan espesifik ki pi long ke 72 zèd tan, paran kap chache anile pataj tan an dwe aranje epi peye pou babysitting, childcare ou lòt sipèvizyon apwopriye pou timoun lan pandan peryòd pataje tan.

**PWOBLEM JENERAL E ESPESIFIK SOU KOZE PATAJE TAN YO
POU PARAN YO AK TIMOUN YO KE DIVOS AFEKTE**

Après yon divòs oubyen separasyon, paran yo bezwen kopere nan efò yo pou ede timoun yo kontinye grandi emosyonèlman, sosyalman, epi entèlektiyèlman, epi tou asire ke timoun yo kontinye genyen bon jan relasyon ki fè sans ak tou de paran yo avèk ki yap viv an premye (“moun kap pran swen an premye a” ou “paran nan premye rezidans lan”) ak lòt paran an tou (“yon nan dezièm moun kap pran swen yo” oswa “paran dezièm rezidans lan”).

Modèl Orè pou Pataje Tan ant Paran yo gen pou misyon pou minimize malfezans yo fè sou timoun yo lè paran yo divòse oubyen separe. Yo ekri li apati de bezwen timoun yo epi lap eseye gide paran yo kap chache pou satisfè bon jan enterè timoun yo.

Nan devlope orè yo pou kontak ant timoun yo ak paran yo alaswit yon separasyon ou divòs, nou ta dwe konsidere faktè sa yo:

A. MINIMIZE PÈDANS YO

Timoun yo eksperimente divòs tankou yon pil ak yon pakèt gwo pèdans. Pou yon timoun, divòs vle di pèdi kay, pèdi fanmiy, paran ki gen anpil afèksyon ki sousye yon de lòt, bèt domestik, sekirite finansyè, relasyon ak fanmi lwen, lekòl yo konnen yo, aktivite espòtif yo, epi tou yon orè pou chak jou. Souvan timoun yo, santi yo abandone e derasine. Efè deranjman yon divòs sou lavi yo ka gen konsekans grav pou timoun yo pandan ke yap rantre nan laj majè. Respekte doulè timoun ou yo pa elimine otan de chanjman e pèdans ke posib.

B. AGRANDI RAPWOCHMAN YO.

Ankouraje tout kalite bon jan rapò ki te egziste ant timoun ou yo e lèzòt avan divòs la (tou de paran yo, gran paran yo, tant yo, tonton yo, kouzen yo, zanmi gran moun ki rapwoche, elt.). Anpil fwa timoun ou yo ap kenbe santiman lafanmiy sa lè yap kontinye genyen aksè agreab e lib a tou de paran yo e rest fanmiy an ki pa twò lwen yo. Idantite timoun ou yo depann sou santiman ke yo apatye a tou de fanmiy yo. Idantite sa mande ke timoun ou yo pase tan ak fanmiy lan nan tou de bò. Si timoun ou yo pèdi kontak ak yon seri de manm nan fanmiy an, sans idantite yo ka vire-tòde, e menm domaje. Ancheri patisipasyon fanmiy ki pa twò lwen yo nan lavi timoun ou yo.

Ankouraje epi sipòte lòt paran an nan aksepte yon wòl aktif kòm paran. Pataje fado responsablite yo (lesiv, transpòtasyon, vizit doktè yo, konferans ak pwofesè yo, elt.) tankou tou okazyon ki bay lajwa yo (jou fèt yo, fèt pou anivèsè nesans yo, sinema, jwe espò deyò, ti vwayaj kout, elt.). Respekte nati de baz ou tanperaman timoun ou yo, tankou tou jan tanperaman chak timoun ak chak paran matche ou tonbe dakò. Konsidere jan enterè chak paran matche epi tou aktivite chak timoun yo. Bay otan de kontak dirèk e patisipasyon pozitif ke posib ant chak timoun ak chak paran. Lè paran yo ka abite nan menm zòn jeografik, bon jan rapwochman yo gen tandans pou yo vin agrandi.

Pa janm fè timoun ou yo santi yo koupab poutèt yo pase bon moman ak lòt paran an; bon tan amizman konsa se yon rekonpans a sekirite ke nou tou de, ou menm ak lòt paran an ka mete nan lespri timoun ou yo epi tou sijere ke timoun ou yo ap aprann fè konfyans e eksplòre yon pil ak yon pakèt bon jan rapwochman.

Reasire timoun ou yo ke se pa yo ki kòz pou blame pou divòs la eke tou de paran yo toujou renmen yo. Eseye evite blame lòt paran an (sa ka detwi sekirite e jan timoun yo wè bagay yo lè wap fòse yo pou "pran patipri" aprè yon divòs). Ou ta dwe tou evite konfyè detay pwoblèm nan maryaj ou a timoun yo; byenke yo te ka vle avan sa detay yo e ta vle tou soulaje doulè / kòlè-w nan "fè patipri", anfendekont, yo ka vin rayi-w paske ou mete yo nan konfizyon epi tou ogmante tètchaje yo sou jan pou yo renmen lib elibè e gen relasyon alèz ak tou de paran yo.

C. OGMANTE SEKIRITE

Toubònman, timoun ou yo santi yo pwoteje de tout pèdans lè yo pèmèt yo rete nan sekirite, konsistans, ak sipò ansyen anviwonman ke yo konnen yo. Timoun yo santi yo ansekirite lè yo gen tan pozitif ak tou de paran yo, deja konnen tout règ fanmiy yo ki etabli, tankou tou jwen chans pou kontinye nan aktivite ki te deja etabli avan yo ki gen rapò ak relijyon, lekòl epi tout lòt bagay sanblab yo. Timoun yo pwofite lè paran yo abite tou pre, espesyalman lè yo pataje menm distri eskolè. Timoun yo ka gen reasirans ke yap jwen ti zanmi yo aprè lekòl nan vwazinaj tou de kay paran yo. Paran yo bezwen pale sou fason pou bati asirans, estrikti, ak establite nan lavi timoun yo.

D. EVITE KONFLI

Rechèch syantifik verifye ke timoun ou yo ap soufri kounye a e pi ta si yo wè paran yon an konfli. Pale fò, diskite, remake raisab, epi tou kerèl fizik pa konvenab pou timoun wè. Timoun yo konn blese tou lè yo tande yon paran ap pale lòt paran an mal. Si yon paran dirèkteman ou endirèkteman kreye yon imaj de lòt paran an ki yon jan negatif, imaj pwòp timoun nan ap vyole. Timoun yo ap santi yo byen nan po yo menm jan yo santi yo ye de paran yo.

Yon bon jan pwosedi pou paran divòs/separasyon yo swiv se pou pa janm eseye diskite pwoblèm ki konsène timoun yo ak pwoblèm granmoun yo nan menm konvèsasyon an. Lè wap pale ak ansyen moun ou te marye a de

pwoblèm timoun yo (orè visit yo, plan pou vakans, pwoblèm lekòl ou medikal yo, elt.), rete sou sijè sa yo, e pa kite konvèsasyon an trennen nan diskite pwoblèm ant oumenm ak ansyen mari/ madanm (lajan, bagay ki fè fache, elt.). Sere sijè sa yo pou yon lòt diskisyon yon lòt lè epi pa janm diskite yo nan prezans timoun yo. Si ou menm ak timoun lòt paran ou yo senpleman pa ka evite goumen ak diskite lè ou kòmanse/ tèmine vizit yo, ou ta dwe konsidere chache èd yon lòt moun (gran paran, zanmi mitwèl, babysitter, elt.) ki va dakò pou sèvi kòm tèren net kote tou de paran yo ka mennen timoun yo pou transfer, epi evite kontak yon ak lòt.

E. BEZWEN KI ANRAPÒ AK LAJ

Timoun de laj diferan yo bezwen benefisye de aranjman parantal diferan. Paran yo dwe eseye vin fleksib epi tou dwe eseye taye orè yo otan ke posib pou reflète bezwen devlopmantral ak demann endividyèl timoun yo. Ou ka espere sa, pandan timoun ou yo ap vin gran, wap bezwen vin pi fleksib epi tou travay di pou kominike avèk efè epitou konpwomèt avèk jistis a ni timoun yo ni lòt paran an.